



VIL NEW YORK  
 DEPATMAN PREZÈVASYON AK DEVLOPMAN LOJMAN  
 BIWO APLIKASYON LALWA AK SÈVIS KATYE  
 DIVIZYON APLIKASYON KÒD

## LÒD POU SOUMÈT DOKIMAN

Chè Ajan Jesyon/Pwopriyetè:

N ap pase w lòd pou w founi bay Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman an (Department of Housing Preservation and Development, HPD), nan dat oswa anvan (**Dat ki sou kopi Lòd pou Soumèt Dokiman w lan**), kopi dokiman ki dwe konsève selon Lwa 2003 Vil New York la sou Prevansyon Anpwazònman abaz Plon kay Timoun (Lwa Lokal 1 lane 2004, jan yo amande 1 la) ak Chapit 11 Tit 28 Règ Vil New York la (28 RCNY Chapit 11) soti **2010 RIVE KOUNYE A** pou (**Adrès ki sou kopi Lòd pou Soumèt Dokiman w lan**).

Lòd pou Soumèt Dokiman sa a se yon repons ak yon **LÒD KOMISYONÈ A POU ELIMINE DANJE PENTI ABAZ PLON (COMMISSIONER'S ORDER TO ABATE, COTA) KI SOTI NAN DEPATMAN SANTE AK IJYÈN MANTAL (DEPARTMENT OF HEALTH AND MENTAL HYGIENE)** oswa se yon repons a yon **ODIT DOSYE (Gade nan kopi Lòd pou Soumèt Dokiman an pou wè kiyès ladan yo ki aplike)**. Ou dwe ranpli epi retounen **TOUT AFIDAVI AK KOPI DOKIMAN JISTIFIKATIF** w ap founi yo. Kenbe yon kopi fòmilè sa a ak tout afidavi ak dokiman ou soumèt. Ou dwe livre dokiman yo pèsonlèman oswa voye yo pa lapòs avèk prèv livrezon nan:

Department of Housing Preservation and Development

94 Old Broadway, 7th Floor

New York, NY 10027

Attn: COTA/Record Audit Unit

Ou ka voye kesyon ou genyen sou Lòd pou Soumèt Dokiman sa a bay COTA/Init Odit Dosye HPD a nan (212) 863-5806.

Si w pa konfôme w ak Lòd pou Soumèt Dokiman sa a, sa pral lakòz yo emèt vyolasyon pou sa epi ekspoze w ak sanksyon civil selon Kòd Administratif § 27-2056.4 pou jiska \$1,500 ak sanksyon soti \$1,000 rive \$5,000 si w pa konfòm ak § 27-2056.17 epi jiska \$1,000 si w pa konfòm ak § 27-2056.7.

Yo ka enpoze w sanksyon civil tou si w pa reyalize travay obligatwa pou repare danje penti abaz plon yo.

## Atansyon Nouvo Pwopriyetè

Si w te vin fè akizisyon batiman an nan peryòd odit obligatwa a epi ansyen pwopriyetè a pa t ba w dokimantasyon ki dwe konsève a, ou dwe founi dokimantasyon yo mande a pou lane reyèl (yo) ke ou gen posesyon batiman an epitou ou dwe founi yon afidavi adisyonèl ansanm ak yon kopi tit pwopriyete a. Si sa aplikab pou ou, retounen Afidavi Dosye Ansyen Pwopriyetè a (ki nan lòd sa a) ki ranpli epi notarye.

## Enstriksyon

Pou chak nan seksyon ki anba la yo, nou bay yon deskripsiyon sou ki dokiman ou dwe founi pou **chak ane peryòd odit la**. Sof si gen yon lòt bagay ki note, tout dokiman yo obligatwa nan chak kategori.

Tanpri Note: Apati 1ye janvye 2020, tèm “rezide” a vle di gen yon timoun ki poko gen laj sis lane k ap viv nan inite lojman an nan yon batiman ki konstwi anvan 1960, OSWA gen yon timoun ki poko gen laj sis lane ki pase 10 oswa plis èdtan chak semèn regilyèman nan yon inite lojman konsa.

# Seksyon 1: Odit Distribisyon Notifikasyon Anyèl ak Envestigasyon

## 1.1 Prèv livrezon Notifikasyon Anyèl la bay okipan chak inite lojman

- a. **Afidavi Livrezon Notifikasyon Anyèl** (ki ansanm ak lòd sa a) ki konplete epi notarye avèk yon modèl kopi notifikasyon anyèl ki te livre a.
- b. Yon lis konplè ki gen adrès batiman an, nimewo chak inite lojman ak dat livrezon nan chak inite lojman oswa dat notifikasyon nan imèl yo voye bay chak inite lojman yo.

ELEMAN “C” KI ANBA LA A OBLIGATWA SÈLMAN SI genyen nan inite lojman yo ki gen egzanpsyón parapò ak prezonzyon penti abaz plon ki etabli nan Kòd Administratif §27-2056.5(a) poutèt dispozisyon ki idantifye nan paragraf ki anba la a:

- c. Yon lis konplè tout inite lojman nan batiman an ke yo ki genyen yon egzanpsyón sou plon, ki soti nan HPD pou inite lojman an, ki anvigè pandan peryòd odit la; epi yon lis konplè inite lojman kowoperativ oswa kondominyòm ke pwopriyetè/aksyonè yo rete ladan yo pandan peryòd odit la, kote pwopriyetè a pa t oblige bay pwopriyetè/aksyonè sa a Notifikasyon Anyèl. Pwopriyetè a dwe siyen tout lis sa yo.

## 1.2 Repons Notifikasyon Anyèl okipan chak inite lojman bay

- a. Yon lis inite lojman yo avèk yon nòt ki endike si inite lojman an te reponn ansanm ak repons la, ki dwe enkli si gen yon timoun ki poko gen laj sis lane ki rezide nan inite a ki baze swa sou repons vèbal oswa repons ekri okipan an, swa sou enspeksyon/konesans pwopriyetè a.
- b. Kopi Notifikasyon Anyèl ki ranpli epi retounen an, si w te resevwa l. Dokiman yo dwe genyen adrès batiman an, nimewo inite lojman an ak non okipan an, siyati l ak dat la.

ELEMAN “C” KI ANBA LA A OBLIGATWA SÈLMAN SI gen inite lojman ki pa t reponn ak Notifikasyon Anyèl la:

- c. Dat kote w te eseye jwenn aksè pou konfime rezidans yon timoun oswa yon endikasyon ke pwopriyetè a te gen konesans ke gen yon inite lojman ki gen yon timoun ki poko gen laj sis lane; prèv ou te bay notifikasyon ekri atravè kourye sètifye oswa kourye anrejistre oswa atravè kourye premyè klas ak prèv ou te voye pa lapòs komunikasyon pou di ou bezwen aksè nan inite a; epi yon kopí notifikasyon ou voye bay pwopriyetè a bay Depatman Sante ak Ijyèn Mantal la ki endike ou pa t rive aksede ak yon inite lojman patikilye.

Apati 1ye janvye 2020, tèm “rezide” a vle di gen yon timoun ki poko gen laj sis lane k ap viv nan inite lojman an nan yon batiman ki konstwi anvan 1960, OSWA gen yon timoun ki poko gen laj sis lane ki pase 10 oswa plis èdtan chak semèn regilyèman nan yon inite lojman konsa.

## 1.3 Rapò envestigasyon anyèl ki reyalize selon repons okipan yo bay sou Notifikasyon Anyèl yo

- a. **Afidavi Envestigasyon Anyèl pou Danje Penti Abaz Plon** ki ranpli epi notarye (ki vini ak lòd sa a).
- b. Kopi rapò enspeksyon yo pou inite lojman yo te enspekte yo, ki gen ladan l yon deklarasyon ki endike te genyen oswa pa t genyen penti k ap dekale sou tout konpozan yo enspekte yon fason vizyèl oswa dokimantasyon similè.

ELEMAN “C”AK “D” KI ANBA LA YO OBLIGATWA SÈLMAN SI ou pa t jwenn aksè nan yon inite lojman pou envestigasyon an:

- c. **Afidavi ki Endike Pat Gen Aksè pou Reyalize Envestigasyon Anyèl pou Danje Penti Abaz Plon** ki ranpli epi notarye (ki vini ak lòd sa a).



- d. Kopi avi ekri ou te bay okipan an pou enfòme l sou bezwen pou aksede inite a oswa dokimantasyon similè ak yon dosye sou esè pou jwenn aksè ak rezon ki fè w pa t rive jwenn aksè.

## **Seksyon 2: Odit Travay ki Reyalize pou Korije Vyolasyon ki Gen Rapò ak Danje Penti Abaz Plon yo**

### **2.1 Pou vyolasyon ki aktif epi ki pa sètifye aktyèlman nan peryòd odit la**

- Si w bezwen asistans pou idantifye si gen vyolasyon ki aktif epi ki pa sètifye aktyèlman nan peryòd odit la, kontakte COTA/Inité Odit Dosye HPD a nan (212) 863-5806.
- Si w pa gen vyolasyon ki gen rapò ak danje penti abaz plon ki aktif epi ki pa sètifye aktyèlman nan HPD pou peryòd odit la, ou pa gen pou w bay anyen pou Seksyon 2 a.

Pwopriyetè a dwe founi **TOUT** sa yo **pou chak vyolasyon ki gen rapò ak danje penti abaz plon ki aktif epi ki pa sètifye aktyèlman**.

- a. Afidavi AF-5 ki ranpli epi notarye. (Dokiman sa a disponib nan <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/lead-based-paint.page>).
- b. Yon Afidavi nan men ajan otorize nan antrepriz rediksyon risk Ajans Pwoteksyon Anviwonman an (Environmental Protection Agency, EPA) sètifye a oswa moun ki reyalize travay la pou korije vyolasyon ki gen rapò ak danje penti abaz plon an (yo) ki deklare travay la te fèt konfòmeman ak §27-2056.11 Atik 14 nan Kòd Antretyen Lojman an ak 28 RCNY §11- 06; Dat travay la kòmanse ak dat li fini; Adrès la ak enfomasyon kontak yo (telefòn oswa faks) pou antrepriz EPA ki te fè travay la (ou ka jwenn yon modèl dokiman sou <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/lead-based-paint.page>).
- c. Yon kopi sètifikasyon EPA a pou antrepriz rediksyon risk la ki te reyalize travay la pou korije vyolasyon ki gen rapò ak danje penti abaz plon an (yo).
- d. Yon kopi analiz laboratwa Eta a sètifye ki fèt sou tout echantyon pousyè sifas yo te prelve ki endike metòd preparasyon an ak analiz echantyon yo.
- e. Yon Afidavi nan men moun ki te prelve echantyon pousyè sifas la, ki verifye dat yo te prelve echantyon an epi ki endike adrès/inité lojman kote yo te prelve echantyon an (ou ka jwenn yon modèl dokiman nan <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/lead-based-paint.page>).
- f. Yon kopi Sètifica Fòmasyon moun ki te prelve echantyon pousyè sifas yo. Sètifica Fòmasyon an dwe valid pou peryòd kote yo te prelve echantyon pousyè yo.

## **Seksyon 3: Odit Travay San Vyolasyon ki te Pètibe Penti Abaz Plon oswa Penti ki gen yon Kontni Plon Enkoni**

### **3.1 Dosye pou tout travay san vyolasyon ki te pètibe penti abaz plon oswa penti ki gen yon kontni plon enkoni sou yon sifas ki pi gwo pase de (2) pye kare pou chak sal nan yon inité lojman kote yon timoun ki pokò gen laj sis lane rezide oswa nan espas komèn batiman an, ki gen ladan yo dokimantasyon pratik travay yo itilize yo.**

Apati 1ye janvye 2020, tèm “rezide” a vle di gen yon timoun ki pokò gen laj sis lane k ap viv nan inité lojman an nan yon batiman ki konstwi anvan 1960, OSWA gen yon timoun ki pokò gen laj sis lane ki pase 10 oswa plis èdtan chak semèn regilyèman nan yon inité lojman konsa.

ELEMAN “A” KI ANBA LA A OBLIGATWA SÈLMAN SI pa t gen travay san vyolasyon ki te fèt pandan peryòd odit la sou sifas pentire yo nan apatman ki gen timoun ki pokò gen laj sis lane nan moman reparasyon an:



- a. **Afidavi ki Endike Pa t gen Travay ki te Pètibe Penti Abaz Plon oswa Penti ki gen yon Kontni Plon Enkoni (Non-Vyolasyon)** ki ranpli epi ki notarye (ki vini ak lòd sa a).

#### **OSWA SI GEN YON TRAVAY KONSA KI TE FÈT:**

Pwopriyetè a dwe founi yon lis kote yo te reyalize travay yo epi founi **TOOUT** eleman sa yo pou chak enstans travay.

- b. Yon Afidavi nan men ajan otorize nan antrepriz rediksyon risk Ajans Pwoteksyon Anviwònman an (Environmental Protection Agency, EPA) sètifye oswa yon antrepriz Renovasyon EPA sètifye a oswa moun ki reyalize travay la pou korije danje penti abaz plon an ki deklare travay la te fèt konfòmeman ak §27-2056.11 Atik 14 Kòd Antretyen Lojman an ak 28 RCNY §11-06; Dat travay la kòmanse ak dat li fini; Adrès la ak enfòmasyon kontak yo (telefòn oswa faks) pou antrepriz EPA ki te fè travay la (ou ka jwenn yon modèl dokiman sou <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/lead-based-paint.page>).
- c. Yon kopi sètifikasyon EPA pou antrepriz ki te reyalize travay la.
- d. Yon kopi sètifikasyon EPA pou Renovatè oswa Travayè ak Sipèvizè Rediksyon Risk EPA sètifye ki te reyalize travay la.
- e. Lokalizasyon travay ki te fèt nan chak sal ki gen ladan l yon deskripsyon travay sa a OSWA fakti pou peman travay sa a.
- f. Yon kopi analiz laboratwa Eta a sètifye ki fèt sou tout echantyon pousyè sifas yo te prelve ki endike metòd preparasyon an ak analiz echantyon yo.
- g. Yon Afidavi nan men moun ki te prelve echantyon pousyè sifas yo, ki verifye dat yo te prelve echantyon an epi ki endike adrès/inité lojman kote yo te prelve echantyon an (ou ka jwenn yon modèl dokiman nan <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/lead-based-paint.page>).
- h. Yon kopi Sètifica Fòmasyon moun ki te prelve echantyon pousyè sifas yo. Sètifica Fòmasyon an dwe valid pou peryòd kote yo te prelve echantyon pousyè yo.

ELEMAN “I” KI ANBA LA A OBLIGATWA SÈLMAN SI yo pa relokalize yon okipan pou l soti nan inité lojman an epi travay la kontinye pandan plis pase yon jou:

- i. Lis verifikasyon ki ranpli lè/si yo te akòde okipan yo yon aksè tanporè nan yon zòn travay nan fen jounen an apre travay la fin kanpe pou jounen an.

ELEMAN “J” AK “K” KI ANBA LA A OBLIGATWA SÈLMAN SI travay yo te reyalize a te pètibe plis passe 100 pye kare penti abaz plon oswa penti ki gen yon kontni plon enkoni nan yon sal nan yon inité lojman kote yon timoun ki pokogen laj sis lane rezide, oswa te enplike pou yo retire de (2) oswa plis fenèt nan inité sa a:

- j. Yon kopi avi kòmansman travay pwopriyetè a ki ranpli epi siyen ke yo te depoze nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal.
- k. Tout chanjman nan enfòmasyon ki nan avi yo depoze nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal la anvan kòmansman travay la, oswa, si travay la kòmanse deja, nan limit 24 èdtan apati chanjman sa a.

Tanpri Note: Apati 1ye janvye 2020, tèm “rezide” a vle di gen yon timoun ki pokogen laj sis lane k ap viv nan inité lojman an nan yon batiman ki konstwi anvan 1960, OSWA gen yon timoun ki pokogen laj sis lane ki pase 10 oswa plis èdtan chak semèn regilyèman nan yon inité lojman konsa.

#### **Seksyon 4: Odit Travay ki Reyalize lè Gen Chanjman Rezidan nan yon Inité Lojman**

##### **OBLIGATWA POU TOUT:**

- a. **Afidavi pou Chanjman Rezidan nan yon Inité Lojman** ki ranpli epi notarye (ki vini ak lòd sa a) ki liste tout inité lojman kote gen yon lokatè ki kite yon inité lojman epi vin gen yon nouvo lokatè ki vin nan inité lojman an pandan peryòd odit la.



ELEMAN “B” KI ANBA LA A OBLIGATWA SÈLMAN SI pa t gen travay ki te nesesè pou konfòme ak egzijans pou chanjman rezidan nan inite lojman an:

- b. **Afidavi ki Endike Travay pou Chanjman Rezidan an Pa Nesesè** ki ranpli epi notarye (ki nan lòd sa a).

ELEMAN “C” JISKA “I” KI ANBA LA A OBLIGATWA SÈLMAN SI gen travay yo te reyalize pou konfòme ak egzijans pou chanjman rezidan nan inite lojman an ki gen ladan l korije danje penti abaz plon oswa danje penti abaz plon ki prezime; retire penti abaz plon sou sifas friksyon sou tout pòt ak ankadreman pòt; retire penti abaz plon sou tout sifas friksyon fenèt yo oswa founi enstalasyon glisyè fenèt Ranplasman epi rann tout atè, rebò fenèt ak pi anba fenèt ki pa gen anyen sou yo lis epi yon fason pou yo ka netwaye:

- c. Yon Afidavi nan men ajan otorize nan antrepriz rediksyon risk oswa antrepriz Renovasyon EPA sètifye a oswa moun ki reyalize travay la ki deklare travay la te reyalize konfòmeman ak §27-2056.11(a)(3) nan Atik 14 Kòd Antretyen Lojman an ak 28 RCNY§11-06; Dat travay la kòmanse ak dat travay la fini; Adrès ak enfòmasyon kontak (telefòn oswa faks) pou antrepriz EPA ki te reyalize travay la (ou ka jwenn yon modèl dokiman sou <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/lead-based-paint.page>).
- d. Yon kopi sètifikasyon EPA pou antrepriz rediksyon risk la kote sa aplikab oswa antrepriz Renovasyon ki te reyalize travay la.
- e. Yon kopi sètifikasyon EPA pou Travayè ak Sipèvizè Rediksyon Risk EPA sètifye, kote sa aplikab, oswa Renovatè ki te reyalize travay la.
- f. Lokalizasyon travay ki te fèt nan chak sal ki gen ladan l yon deskripsyon travay sa a ak konpozan pyès nan inite lojman an yo te ranplase OSWA fakti pou peman travay sa a.
- g. Yon kopi analiz laboratwa Eta a sètifye ki fèt sou tout echantyon pousyè sifas yo te prelve ki endike metòd preparasyon an ak analiz echantyon yo.
- h. Yon Afidavi nan men moun ki te prelve echantyon pousyè sifas yo, ki verifye dat yo te prelve echantyon an epi ki endike adrès/inite lojman kote yo te prelve echantyon an (ou ka jwenn yon modèl dokiman nan <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/lead-based-paint.page>).
- i. Yon kopi Sètifikasi Fòmasyon moun ki te prelve echantyon pousyè sifas yo. Sètifikasi Fòmasyon an dwe valid pou peryòd kote yo te prelve echantyon pousyè yo.

## Seksyon 5: Odit Egzijans Tès 5 Lane a.

Lwa lokal 31 lane 2020 an egzije pwopriyetè byen yo pou yo fè teste inite lojman miltip ke se pa pwopriyetè a ki rete ladan yo ki nan batiman yo konstwi anvan 1ye janvye 1960 yo pou penti abaz plon atravè kontraktè ki setifye, anvan 9 out 2025. Sepandan, si gen yon timoun ki poko gen laj sis lane ki vin rezide nan inite a apre 9 out 2020, yo dwe fè tès la nan limit yon lane apati dat timoun nan pran lojman an (oswa anvan dat limit la, nenpòt sa ki rive anvan an). Yon timoun ki poko gen laj sis lane “rezide” nan inite lojman an si timoun nan swa abite nan inite a oswa si timoun nan pase 10 oswa plis èdtan chak semèn regilyèman nan inite lojman sa a. Yon pwopriyetè dwe jwenn enfòmasyon sa yo sou yon timoun omwen chak ane, nan kad Pwosesis Notifikasyon Anyèl sou Penti Abaz Plon an.

Se yon moun ki (i) pa pwopriyetè a oswa ki pa ajan pwopriyetè a oswa yon kontraktè yo anboche pou reyalize travay ki gen rapò ak koreksyon danje penti abaz plon yo epi (ii) ki sètifye antanke enspektè oswa evalyatè risk selon seksyon 745.226 tit 40 kòd règleman federal yo, ki dwe fè tès sa a.



**OBLIGATWA POU TOUT:**

- 5.1 Afidavi Konfòmite avèk Tès Penti Abaz Plon (ki vini ak lòd sa a).
- 5.2 Kopi tout rapò enspeksyon plon yon enspektè oswa evalyatè risk EPA sètifye fè ki gen ladan l sifas oswa konpozan ki te teste pozitif ak negatif pou penti abaz plon.
- 5.3 Si w ap founi sa ki nan seksyon 5.2 ki anlè la a, yon kopi sètifikasyon EPA a pou enspektè oswa evalyatè risk EPA sètifye ki te reyalize enspeksyon an epi prepare rapò enspeksyon sa an epi, si yo teste li apre 9 out 2020, yon Afidavit enspektè oswa evalyatè risk sa a ranpli (ki vini ak lòd sa a).



## **AFIDAVI DOSYE PENTI ABAZ PLON ANSYEN PWOPRIYETÈ A**

Mwen menm, \_\_\_\_\_ (**ekri non an ak lèt detache**), sèmante oswa afîme sou pèn fo deklarasyon sou sèman sa ki vin annapre la a:

Mwen se pwopriyetè/ajan jesyon pou batiman ki lokalize nan: \_\_\_\_\_  
**(adrès)** ("Lokal").

Ke mwen/Sosyete \_\_\_\_\_ (**ekri non an ak lèt detache**), te achte Lokal la  
jou ki te \_\_\_\_\_ (**dat**). Mwen anekse yon kopi tit pwopriyete pou  
Lokal la.

Ke menm si Lokal la dwe konfòm ak Lwa 2003 Vil New York la sou Prevansyon Anpwazònman abaz Plon  
kay Timoun (Lwa Lokal 1 lane 2004 la, jan yo amande 1 la) ki mande pou gen kèk dosye ke pwopriyetè yo  
konsève pandan omwen dis lane konfòmeman ak Kòd Administratif Seksyon 27-2056.4 ak 27-2056.17 epi  
ke dosye sa yo dwe transfere bay nouvo pwopriyetè yo, Mwen:

Dwe Seleksyone **YOUN**:

- pa t resevwa okenn dosye ki gen rapò ak konfòmite ak Lwa sou Prevansyon kont Anpwazònman  
ak Plon nan men ansyen pwopriyetè a.

### **OSWA**

- te resevwa sèlman dosye ki anekse la a ki gen rapò ak konfòmite ak Lwa sou Prevansyon kont  
Anpwazònman ak Plon an nan men ansyen pwopriyetè a pou peryòd kòmansman odit sa a  
kovri a jiska dat mwen achte Lokal la. Dosye sa yo se pou (seleksyone tout sa ki aplike yo):

- |  |   |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Prèv livrezon Notifikasyon Anyèl la           | <input type="checkbox"/> Travay san vyolasyon ki te pètibe penti abaz<br>plon oswa penti ki gen yon kontni plon enkonni |
| <input type="checkbox"/> Repons pou Notifikasyon Anyèl ou<br>resevwa a | <input type="checkbox"/> Travay yo te reyalize lè te gen chanjman<br>rezidan an   |
| <input type="checkbox"/> Envestigasyon anyèl ki te fèt yo              |   |

---

(Ekri Non an ak Lèt Detache)

---

(Siyati)

\*\*\*\*\*

Eta New York, Konte \_\_\_\_\_

*So*

Asèmante devan mwen nan ye/yèm \_\_\_\_\_ jou nan mwa \_\_\_\_\_, 20\_\_\_\_\_

---

(Siyati Notè a)



## AFIDAVI LIVREZON NOTIFIKASYON ANYÈL LA – PA LAPÒS / IMÈL / LIVREZON NAN MEN

Mwen menm, \_\_\_\_\_ (**ekri non an ak lèt detache**), sèmante oswa afime sou pèn fo deklarasyon sou sèman sa ki vin annapre la a:

Livrezon Notifikasyon Anyèl la pou Kesyon sou Prevansyon Danje Penti Abaz Plon ki Konsène yon Timoun, ki obligatwa selon Kod Administratif Seksyon 27-2056.4 (“Notifikasyon Anyèl”) bay chak inite lojman ki nan batiman ki lokalize nan \_\_\_\_\_ (“Lokal”) te fèt pandan peryòd odit la atravè:

Seleksyone tout sa ki aplike:

- Mwen menm, pwopriyetè/ajan jesyon an
- Anplwaye m sou direksyon m
- Yon tès pati mwen anplwaye oswa anplwaye m anplwaye sou direksyon m

Pwosedi pandan peryòd odit la pou livre Notifikasyon Anyèl la bay chak inite lojman nan batiman ki lokalize nan “Lokal” la te (**dwe seleksyone youn**) atravè  imèl oswa  pa lapòs oswa atravè  livrezon nan men bay okipan inite lojman an oswa atravè  yon konbinezon imèl, ekspedisyon pa lapòs ak livrezon nan men.

Pou sipòte Afidavi sa a, m ap anekse tout dosye sa yo mwen gen nan men m pou chak ane peryòd odit la:

- Yon modèl kopi Notifikasyon Anyèl la nan lang angle ak panyòl ki te ale nan pa lapòs/imèl/livrezon nan men bay okipan batiman an;
- Yon lis konplè ki gen adrès batiman an, nimewo chak inite lojman, dat livrezon nan chak inite lojman oswa dat notifikasyon nan imèl yo ale bay chak inite lojman yo, epi non moun ki te reyalize livrezon an bay chak inite lojman; epi
- Si se yon tyès pati ki te fè livrezon an: non ak adrès konpayi an.

---

(Ekri Non an ak Lèt Detache)

(Siyati)

---

Eta New York, Konte \_\_\_\_\_

So

Asèmante devan mwen nan ye/yèm \_\_\_\_\_ jou nan mwa \_\_\_\_\_, 20 \_\_\_\_\_

---

(Siyati Notè a)



## **AFIDAVI ENVESTIGASYON ANYÈL POU DANJE PENTI ABAZ PLON**

Mwen menm, \_\_\_\_\_ (**ekri non an ak lèt detache**), sèmante oswa afime sou pèn fo deklarasyon sou sèman sa ki vin annapre la a: Mwen se pwopriyetè/ajan jesyon pou batiman ki lokalize nan: \_\_\_\_\_ (**adrès**) ("Lokal").

Mwen menm oswa anplwaye m, oswa yon moun mwen anplwaye pou sa, te reyalize yon enspeksyon vizyèl pou danje penti abaz plon nan inite lojman kote gen yon timoun ki poko gen laj sis lane ki rezide ak zòn komen batiman an kote gen yon timoun ki poko gen laj sis lane ki rezide ki dwe enspekte chak lane selon Kòd Administratif seksyon 27-2056.4.

Pou sipòte Afidavi sa a, m ap anekse tout dosye yo mwen gen nan men m pou chak ane peryòd odit la ki reflete:

- Inite lojman kote gen yon enspeksyon ki te reyalize, ki gen ladan 1 non moun ki te reyalize enspeksyon vizyèl la, dat enspeksyon an ak nimewo inite lojman an epi yon kopi enspeksyon an pou chak inite.

---

(Ekri Non an ak Lèt Detache)

---

(Siyati)

Eta New York, Konte \_\_\_\_\_

*So*

Asèmante devan mwen nan ye/yèm \_\_\_\_\_ jou nan mwa \_\_\_\_\_, 20\_\_\_\_\_

---

(Siyati Notè a)



**AFIDAVI KI ENDIKE PA T GEN AKSÈ POU REYALIZE ENVESTIGASYON  
ANYÈL POU DANJE PENTI ABAZ PLON**

Mwen menm, \_\_\_\_\_ (**ekri non an ak lèt detache**), sèmante oswa afime sou pèn fo deklarasyon sou sèman sa ki vin annapre la a:

Mwen se pwopriyetè/ajan jesyon pou batiman ki lokalize nan: \_\_\_\_\_  
**(adrès**) ("Lokal").

Mwen menm oswa amplwaye m, oswa yon moun mwen amplwaye pou sa, te eseye reyalize yon enspeksyon vizyèl pou danje penti abaz plon nan inite lojman kote gen yon timoun ki poko gen laj sis lane ki rezide ki dwe enspekte chak lane selon Kòd Administratif seksyon 27-2056.4.

Pa t gen yon enspeksyon vizyèl ki te reyalize nan kèk inite lojman poutèt nou pa t rive jwenn aksè pou enspeksyon an, malgre esè pou jwenn aksè ak notifikasyon ekri bay okipan inite lojman an sou bezwen aksè pou enspeksyon an.

Pou sipòte Afidavi sa a, m ap anekse tout dosye yo mwen gen nan men m pou chak ane peryòd odit la ki reflete:

- Inite lojman kote yo ka te mande yon enspeksyon vizyèl men li pa t reyalize epi pou chak inite sa yo:
  - Kopi notifikasyon ekri nou te founi atravè kourye sètifye, kourye anrejistre oswa premyè klas bay okipan inite sa yo sou bezwen pou gen aksè nan inite a pou enspeksyon, ki gen ladan yo dat ekspedisyon pa lapòs la avèk prèv kourye a oswa yon dokimantasyon similè;
  - Dat kote te gen esè ki te fèt pou jwenn aksè; ak
  - Rezon ki fè enspeksyon an pa t fèt (pa egzamp, pa t gen repons ak notifikasyon anyèl sou danje penti abaz plon an, refi pou akòde aksè oswa pa t gen repons ak notifikasyon pwopriyetè a pou bezwen aksè pou enspeksyon an).

---

(Ekri Non an ak Lèt Detache)

---

(Siyati)

\*\*\*\*\*

Eta New York, Konte \_\_\_\_\_

So

Asèmante devan mwen nan ye/yèm \_\_\_\_\_ jou nan mwa \_\_\_\_\_, 20 \_\_\_\_\_

---

(Siyati Notè a)



**AFIDAVI KI ENDIKE PA T GEN TRAVAY KI TE PÈTIBE PENTI ABAZ PLON AN OSWA  
PENTI KI GEN YON KONTNI PLON ENKONI (NON-VYOLASYON)**

Mwen menm, \_\_\_\_\_ (ekri non an ak lèt detache), sèmane oswa afime sou pèn fo deklarasyon sou sèman sa ki vin annapre la a:

Mwen se pwopriyetè/ajan jesyon pou batiman ki lokalize nan: \_\_\_\_\_ (adrès) (“Lokal”) epi mwen pa t reyalize ni lakoz yon anplwaye oswa kontraktè reyalize yon travay ki te pètibe plis pase de (2) pye kare yon penti abaz plon oswa yon penti ki gen yon kontni plon enkoni nan yon sal nan yon apatman kote gen yon timoun ki poko gen laj sis lane ki rezide nan moman an nan Lokal la pandan peryòd Odit la.

Mwen liste anba la a chak inite kote travay la te reyalize pandan peryòd odit la lè mwen te pwopriyetè/ajan jesyon epi mwen endike rezon ki fè mwen deklare travay la pa t pètibe penti abaz plon an:

Nimewo Initie a	Chwazi rezon an anba la a (X).			
	Initie a gen egzanpsyon HPD pou penti ki pa gen plon.	Yon Enspektè oswa Evaluatè Risk EPA sètifye te teste inite a pou penti abaz plon epi pa t gen sifas pentire ki te teste pozitif pou penti abaz plon.*	Pa gen timoun ki poko gen laj 6 lane ki te rezide nan inite a lè sa a.	Travay yo te reyalize a pa t pètibe plis pase de (2) pye kare yon penti abaz plon oswa yon penti ki gen yon kontni plon enkoni nan yon sal.

\*Si yo te teste inite lojman an pou penti abaz plon epi li te teste negatif pou penti abaz plon, m ap anekse dokimantasyon obligatwa sa a:

- Yon kopi rapò enspeksyon an yon Enspektè oswa Evaluatè Risk EPA sètifye te prepare.
- Yon kopi sètifikasyon EPA Enspektè a oswa Evaluatè Risk la ki valid pou dat enspeksyon an.
- Yon Afidavi notarye Enspektè oswa Evaluatè Risk ki te reyalize enspeksyon an bay (Afidavit la vini ak lòd sa a).

Tanpri, ajoute kopi adisyonèl Afidavi sa a si w bezwen espas adisyonèl pou liste tout inite yo.

\_\_\_\_\_  
(Ekri Non an ak Lèt Detache)

\_\_\_\_\_  
(Siyati)

\*\*\*\*\*

Eta New York, Konte \_\_\_\_\_

So

Asèmante devan mwen nan ye/yèm \_\_\_\_\_ jou nan mwa \_\_\_\_\_, 20\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
(Siyati Notè a)



## AFIDAVI POU CHANJMAN REZIDAN NAN INITE LOJMAN

Mwen menm, \_\_\_\_\_ (**ekri non an ak lèt detache**), sèmante oswa afime sou pèn fo deklarasyon sou sèman sa ki vin annapre la a:

Mwen se pwoprietè/ajan jesyon pou batiman ki lokalize nan: \_\_\_\_\_  
**(adrès)** (“Lokal”) epi ke:

Dwe Seleksyone **YOUN**:

Pa t gen inite lojman ki te libere epi kote yon nouvo lokatè te vin rete ladan l ankò (chanjman rezidan) pandan peryòd odit la lè mwen te pwoprietè/ajan jesyon.

### **OSWA**

Inite lojman sa yo te libere epi yon nouvo lokatè vin okipe yo ankò (chanjman rezidan) pandan peryòd odit la lè mwen te pwoprietè/ajan jesyon.

Nimewo Inite a	Dat ansyen lokatè a te fini okipasyon an	Dat nouvo lokatè a kòmanse okipasyon an

Tanpri, ajoute kopi adisyonèl Afidavi sa a si w bezwen espas adisyonèl pou liste tout inite yo.

Pou tout inite ki te gen chanjman rezidan, pwoprietè/ajan jesyon an dwe soumèt tou tout dokiman ki liste nan Seksyon 4 “c” jiska “i” nan Lòd pou Soumèt Dokiman an pou demontre konfòmite avèk egzijans travay la.

Pou tout inite ki te gen chanjman rezidan men ke travay pou chanjman sa a pa t obligatwa pou yo, pwoprietè/ajan jesyon an dwe ranpli epi soumèt **Afidavi ki Endike Travay pou Chanjman Rezidan an Pa Nesesè**.

---

(Ekri Non an ak Lèt Detache)

---

(Siyati)

\*\*\*\*\*

Eta New York, Konte \_\_\_\_\_

*So*

Asèmante devan mwen nan ye/yèm \_\_\_\_\_ jou nan mwa \_\_\_\_\_, 20\_\_\_\_\_

---

(Siyati Notè a)



## AFIDAVI KI ENDIKE TRAVAY POU CHANJMAN REZIDAN PA NESESÈ

Mwen menm, \_\_\_\_\_ (**ekri non an ak lèt detache**), sèmante oswa afime sou pèn fo deklarasyon sou sèman sa ki vin annapre la a:

Mwen se pwopriyetè/ajan jesyon pou batiman ki lokalize nan: \_\_\_\_\_  
(**adrès**) ("Lokal") epi inite lojman sa yo te libere epi yon nouvo lokatè vin okipe yo ankò (chanjman rezidan) pandan peryòd odit la lè mwen te pwopriyetè/ajan jesyon men yo pa t nesesite travay poutèt chanjman rezidan selon Kòd Administratif Seksyon 27-2056.8.

Mwen te liste chak inite ki anba la a epi endike rezon ki fè mwen deklare inite a pa t nesesite travay poutèt chanjman rezidan:

Nimewo Initie a	Chwazi rezon an anba la a (X).			
	Initie a gen egzanpsyon HPD pou pentí ki Pa Gen Plon	Initie a pa gen sifas friksyon fenèt ak pòt ki pentire, atè a, rebò fenèt yo ak pi anba fenèt yo te lis epi yo te ka netwaye epi pa t gen risk pentí abaz plon oswa defo kache pou korije.	Sifas friksyon fenèt ak pòt initie a te teste negatif pou pentí abaz plon*, atè a, rebò fenèt yo ak pi anba fenèt yo te lis epi yo te ka netwaye epi pat gen risk pentí abaz plon oswa defo kache pou korije.	Yon Enspektè oswa Evaluatè Risk EPA sètifye te teste initie a pou pentí abaz plon epi pa t gen sifas pentire ki te teste pozitif pou pentí abaz plon.*

\*Si inite lojman an te teste pou pentí abaz plon epi swa sifas friksyon fenèt ak pòt yo te negatif pou pentí abaz plon (kolòn 3, anlè la a) swa pa t gen sifas pentire ki te teste pozitif pou pentí abaz plon (kolòn 4, anlè la a), m ap anekse dokimantasyon obligatwa sa a:

- Yon kopi rapò enspeksyon an yon Enspektè oswa Evaluatè Risk EPA sètifye te prepare.
- Yon kopi sètifikasyon EPA Enspektè a oswa Evaluatè Risk la ki valid pou dat enspeksyon an.
- Yon Afidavi notarye Enspektè oswa Evaluatè Risk ki te reyalize enspeksyon an bay (Afidavit la vini ak lòd sa a).

Tanpri, ajoute kopi adisyonèl Afidavi sa a si w bezwen espas adisyonèl pou liste tout inite yo.

(Ekri Non an ak Lèt Detache)

(Siyati)

\*\*\*\*\*

Eta New York, Konte \_\_\_\_\_

So

Asèmante devan mwen nan ye/yèm \_\_\_\_\_ jou nan mwa \_\_\_\_\_, 20\_\_\_\_\_

(Siyati Notè a)



## AFIDAVI KONFÒMITE AVÈK TÈS XRF PENTI ABAZ PLON

Mwen menm, \_\_\_\_\_ (ekri non an ak lèt detache), sèmante oswa afime sou pèn fo deklarasyon sou sèman sa ki vin annapre la a:

Mwen se pwopriyetè/ajan jesyon pou batiman ki lokalize nan: \_\_\_\_\_ (adrès) ("Lokal") epi m ap fè afimasyon sa yo epi soumèt dokimantasyon sou konfòmite ak egzijans sou tès penti abaz plon Kòd Administratif seksyon 27-2056.4 a-1:

### **Pati A** Seleksyone YOUN:

Pa gen timoun ki poco gen laj sis lane ki te vin abite oswa pase 10 èdtan oswa plis chak semèn nan yon inite lojman ("rezide") nan Lokal la depi 9 out 2020.

### **OSWA**

Wi, gen yon timoun ki poco gen laj sis lane ki te vin abite oswa pase 10 èdtan oswa plis chak semèn nan yon inite lojman ("rezide") nan Lokal la depi 9 out 2020 epi m ap anekse yon dokiman ki gen enfòmasyon sa yo:

Nimewo Inite a	Dat timoun nan te vin rezide	Èske yo te teste inite a pou penti abaz plon? (Wi oubyen Non)	Dat Tès la

---

**Pati B** Pou tout inite lojman nan batiman an apade sa ki liste/anekse nan **Pati A** anlè la a, mwen konprann ke tout inite lojman nan lokasyon ki gen lokatè ki okipe yo dwe sibi tès XRF la pa pita pase dat 9 out 2025 epi m ap afime:

### Seleksyone YOUN:

Pa gen lòt inite lojman ki te sibi tès XRF pou penti abaz plon nan Lokal la jiska dat sa a.

### **OSWA**

Gen lòt inite lojman ki te sibi tès XRF la nan Lokal la epi m ap anekse yon dokiman ki gen enfòmasyon sa yo sou inite yo teste yo:

Nimewo Inite a	Dat Tès la

---

**Pati C** Pou tout inite lojman ki liste swa nan Pati A swa nan Pati B kote yo te reyalize tès XRF la, m ap soumèt tou dosye sa yo pou demonstre konfòmite avèk egzijans sou tès yo:

- Kopi tout rapò enspeksyon plon, ki gen ladan 1 sifas ki te teste pozitif ak negatif pou penti abaz plon.
- Yon kopi sètifikasyon EPA pou chak enspektè oswa evalyatè risk ki sètifye ki te reyalize enspeksyon an (yo).
- Si yo teste li apre 9 out 2020, yon Afidavit notarye Enspektè oswa Evalyatè Risk ki te reyalize enspeksyon an bay (Afidavit vini ak lòd sa a).

(Ekri Non an ak Lèt Detache)

(Siyati)

Eta New York, Konte \_\_\_\_\_

So

Asèmante devan mwen nan ye/yèm \_\_\_\_\_ jou nan mwa \_\_\_\_\_, 20\_\_\_\_\_

(Siyati Notè a)



**AFIDAVIT MOUN SETIFYE**  
**KIMOUN TE FE TES PENTI ABAZ PLON AN**  
(Soumèt li sèlman lè Lòd Pwodiksyon Dosye sa a mande sa)

Mwen menm, \_\_\_\_\_ (ekri non an ak lèt detache), te reyalize enspeksyon an ak tès la ak/oswa prelèvman penti abaz plon nan lokal ki chita kò li nan \_\_\_\_\_ (lari), \_\_\_\_\_ (vil), \_\_\_\_\_ (Eta), \_\_\_\_\_ (kòd postal), \_\_\_\_\_ (nimewo inite, si sa aplikab) nan dat \_\_\_\_\_ (dat).

Mwen sètifye pou mwen reyalize enspeksyon sa yo ak tès ak/oswa prelèvman sa a selon Pati 745 nan Tit 40 nan Kòd Règleman Federal soupati L ak Q. Mwen te reyalize enspeksyon an, ak tès ak/oswa prelèvman an selon Tit 40 CFR § 745.227, ak Chapit 7 nan Direktiv Depatman Lojman ak Developman Iben Etazini pou Evalyasyon ak Kontwòl Danje Penti Abaz Plon nan Lojman, 2<sup>yèm</sup> Edisyon (jiyè 2012).

Mwen se (**tchecke youn**):

\_\_\_\_ Travayè endepandan

\_\_\_\_ Yon Fim EPA Sètifye Anplwaye mwen (**non**): \_\_\_\_\_  
epi mwen mete yon kopi sètifikasyon EPA konpayi sa a.

Anplis, mwen mete yon kopi sètifikasyon EPA m lan nan afidavi sa a. Nimewo sètifika EPA m lan se \_\_\_\_\_ epi l ap ekspire nan dat \_\_\_\_\_.

---

(Ekri Non an ak Lèt Detache)

(Siyati)

\*\*\*\*\*

Eta New York, Konte \_\_\_\_\_

*So Notè a*

Asèmante devan mwen \_\_\_\_\_ ye/yèm jou nan mwa \_\_\_\_\_, 20\_\_\_\_\_

---

(Ekri Non Notè a ak Lèt Detache)

(Siyati Notè a)

